

A. Wénéhna tandha ping (X) neng aksara A, B, C, utawa D minangka wangsulang sing bener neng lembar jawab sing désedhiakaké!

Geguritan kanggo soal nomer 1 – 2.

Mboké

...

Mboké-mboké

Dunya brana numpuk ora miguna

Among mori saukuran awak

Sandhang pangan sapirang-pirang

Ora dégawa mlebu luwang

Mung ngelmu sing manfangat

Amal sholeh putra putri sing ngabekti

1. Neng ngosir kiyé kang dégawa nalika mlébu luwang/mati yakuwé

- A. dunya brana
- B. sandhang pangan
- C. ngelmu manfangat
- D. putra putri kang pinter

2. Tembung sing dicithak miring ana geguritan ndhuwur tegesé

- A. Sedulur/kadhang
- B. banda/harta
- C. kewan ingon
- D. tangga teparo

3. Yudhistira duwé jeneng liya... .

- A. Puntadéwa
- B. Arjuna
- C. Werkudara
- D. Nakula

4. Adipati Pasir Luhur seneng banget atiné sewisé ngerti Radén Kamandaka putrané Prabu Silih Wangi. Ukara kuwé menawa dedadékné karma sing bener yakuwé

- A. Adipati Pasir Luhur remen sanget atiné sewisé ngerti Radén Kamandaka putrané Prabu Silih Wangi.
- B. Adipati Pasir Luhur seneng banget manahé sewisé ngertos Radén Kamandaka putrané Prabu Silih Wangi.
- C. Adipati Pasir Luhur seneng sanget manahé sesampuné ngerti Radén Kamandaka putrané Prabu Silih Wangi.
- D. Adipati Pasir Luhur remen sanget manahé sesampuné ngertos Radén Kamandaka putrané Prabu Silih Wangi.

5. Sewisé awéh jeneng maring Brataséna, Bethara Narada kondur maring kahyangan. Sekonduré Bethara Narada, Banjur rawuh ratu sekang Tasikmadu sing nyuwun détulungi maring Brataséna. Brataséna désuwun nyirnakna raja raseksa aran Kala Dahana, Patih Kala Bantala, Kala Maruta, lan Kala Ranu.

Sing rawuh sewisé Bethara Narada kondur kahyangan nyuwun tulung Brataséna yakuwé

- A. Ratu Tasikmadu
- B. Kala Dahana
- C. Patih Kala Bantala
- D. Kala Ranu

6. Karna, adipati neng Awangga madeg sénapati Kurawa maju neng **palagan**. Tembung sing dicithak kandel tegesé

- A. lapangan
- B. keraton
- C. peperangan
- D. kadipaten

Banjir ngeleb Kabupaten Sintang Kalimantan Barat, 21 Oktober 2021. Ana 12 kecamatan sing keleb. 124.497 sing melu kena dampaké, 25.884 wong sing padha ngungsi. Wong sing ninggal ana 4. Dhuwure banjir 3 meter.

- Bhs.Jawa/Kelas VI./Try Out.MI/2021-2022

13. Gatékna gambar ngisor kiyé!



Ukara sing mathuk karo gambar ndhuwur yakuwé

- A. ກຳລັງເກີດຂຶ້ນ

Crita kanggo soal nomer 14 – 15.

Kesenian tradisional Banyumas kuwé kesenian sing thukul neng tlatah kerésidénan Banyumas kaya déné neng Kabupatén Cilacap, Purbalingga, lan Banjarnegara. Mbarengi **majuné** jaman, pengaruh budaya sekang njaba mlebu neng tlatah Banyumas. Ningén nambah sugihé budaya Banyumasan, sing duwéni watek dhéwék. Seni tradisional Banyumas antarané: ébég, lénggér calung, angklung Banyumasan, bégalan, lan liya-liyané.

14. Tembung kang dicithak kandel ing crita ndhuwur kosokbaléné

- A. ngarep
B. mburi
C. mundur
D. ndisit

15. Ukara pitakon sing mathuk karo iséné crita ndhuwur yakuwé

- A. geneya kesenian tradisional désenengi masarakat banyumas?
B. pira cacahk kesenian sing sekang njaba banyumas?
C. sapa sing nyipta kesenian tradisional neng kerésidénan banyumas ?
D. apa baé sing klebu kesenian sekang tlatah banyumas?

16. Gatékna gambar neng sisih kiyé.



Tokoh wayang sing bener yakuwé

- A. Karna
B. Werkudara
C. Gathutkaca
D. Bethara Surya

17. Karna karo Arjuna jané ésih sedulur **sebiyung**. Prawakan lan praupané Mandan jibles. Meh kaya sedulur kembar. Bédané neng swara lan omongé. Tembung kang dicithak kandel ing crita ndhuwur padha tegesé karo
- simbah
 - ibu
 - bapak
 - bibi
18. Nalika preian semester, perek umahku saben dina ramé. Bocah-bocah padha dolanan hp nganti klaleé mangan lan sholat. Ndina-ndina padha game online. Kawit esuk tekan awan tembé padha bubar. Nek bengi padha ngumpul maning dolanan kaya kuwé. Tumindhaké bocah-bocah mau
- tumindak becik sebab dadi srawung karo batiré
 - apik sebab trampilé ngegame kudhu saben dina
 - aja déconto merga padha klalén marang kewajiban
 - apik banget kanggo ngelingaké preluné hiburan
19. Gatékna gambar neng ngisor kiyé!



- Crita sing mathuk karo gambar yakuwé
- petugas lagi kerja bakti ngresiki lingkungan
 - papan plesiran lagi disemprot nganggo *disinfektan*
 - bapak nyemprot pari neng sawah
 - aku nganggo mantel sebab udan deres

Tembang Kinanthi kanggo soal nomer 20 – 21.

Jamané siki wis maju
 Jaman merdhéka mandiri
 Kabéh padha aja **wéya**
 Ja kewanén aja wedi
 Dhasar bener Pancasila
 Waspadha lan ngati-ati

20. Tembung kang ditulis kandel neng tembang ndhuwur tegesé
- sembrana
 - bodhol
 - bodho
 - keséd
21. Jaman merdhéka mandiri, dhasar bener yakuwé
- kepintéran
 - teknologi .
 - pancasila
 - banda dunya

31. Pog-pogané Sri Kresna dhawuh maring Arjuna supaya semédi utawa tapa, nyuwun maring Hyang Widi kepriwé carané nulungi Pendhawa medhot ari-ariné Gathutkaca. Peyuwuné Arjuna kepireng Déwa.

Kepriwé tanggapanmu maring prilaku Arjuna ?

32. Gathekna gambar kiyé!



Gawékna ukara nganggo basa krama sekang gambar kuwé!

33. Tulisen guru wilangan tembang Kinanthi?
34. Tulisen conto ukara panutupé pidato pepisahan kelas 6 pérangan njaluk pangapura !
35. Gawékna pacelathon nganggo basa krama paling sethithik 3 ukara nalika nyuwun hadiah dhateng Ibu/bapak sewisé lulus MI !